ISSN 0207-6551

6+

# Нур

8
2016



# Хэт нэхъ ин?

Гъэмахуэм къалэдэс сабийхэри къуажэдэс мэхъужхэр атIэ, мэракIуэ Iупэ-лъапцIэжьейхэу, псыхъуэгуащэ-псыхьэлъахуэхэу. Пщыхьэщхьэхэр щыжьауэхэм и деж псори пщIантIэм къыдоужьгъэжри, уэ утхъэжынумэ къеблагъэ,– гъуэрыгъуапщкIуэ, топ мэджэгухэ, хьэжь цIыкIур якIэлъыбанэу я ужь иту къызэрохуэкI. ЗагъэнщIыху джэгуу тезэшэжа иужь, нанэ игъэу жьэрымэр пщIантIэм «къыдохьэ»... Я гурыIупс къажэу цIыкIужьейхэр жыг жьауэм щIэс дадэ къопщIэпщIэкI, лэкъумыр яшхыурэ хъыбарыжьхэм йодаIуэ. Апхуэдэ дакъикъэхэм деж телефони компьютери дунейм тету ящIэркъым а гупым.

...Таурыхъхэр къызыхэкIынур пщIэнукъым. Мис, ныщхьэбэ, къажыхьу здыдэтым, Алийрэ Иналрэ зэдауэу щIадзащ, сэ сынэхъ инщ уэр нэхърэ, хьэуэ, сэращ нэхъ иныр,– жаIэу. Нанэ бжэщхьэIум къытету а тIум къеплъущ-къеплъри, – зэ догуэт,– жиIащ: – Мо ди хадэм зы гъэ гуэрым апхуэдизкIэ къэбышхуэ къыщыкIати, хадэ псор иубыдщ аби, нартыхуми, кIэртIофми, бжьын хьэсэми щIыр яхурикъужакъым.

А гъэ дыдэм ди гуэгушми апхуэдизкIэ джэдыкIэшхуэ къикIэцIати, ар зэрыдгъэвэн лэгъуп дымыгъуэту, гъуаплъащIэ[2] щий зэхуэтшэсщ, лэгъуп[1] едгъэщIщ, джэдыкIэр иридгъавэри, IупщIэ-IупщIэу дгуэша джэдыкIэм тхьэмахуэ енкIэ хьэблэ псор дыкъигъэшхащ.

– ПцIыщ, нанэ!

– Уэхьэхьэхь, нанэ дыкъегъапцIэ!

– Фи фIэщ мыхъумэ, мес, дадэ феупщIи, мо къуажапщэм щыпсэуа зэкъуэшищым я вым къыщыщIар къывжиIэжынщ. Ари а гъэ дыдэратэкъэ, дадэ? – нанэ дадэ хупыгуфIыкIри унэм щIыхьэжащ, адэкIэ къэхъунур ищIэу.

КъуейщIей гупыр Iэсэ хъужарэ зэдэуахэри зэкIужауэ иджы дадэ йоплъри щысщ, хьэжь цIыкIури, куэдIей къыгурыIуэн хуэдэ, абыхэм ябгъурысщ, жыгым дрихуея джэдури ней-нейуэ абы къыхуеплъыхыу.




– АтIэ-э-э, модэ мо къуажапщэм зэкъуэшищ щыпсэурт. Абы зы выщIэ яIэт. Мис иджы хуэдэ гъэмахуэ шылэм и зы пщэдджыжьу, йоуэр аби, зэшищым выр псафэ ирашажьэ.

Вым и пщэм ешэкIа щIэп кIапсэ гъумыщIэр[3] япэ ит шынэхъыжьым иIыгъщ, къуэш курытыр нэхъ яужь итщ, нэхъыщIэ дыдэри выуэчымкIэ[4] къыкIэлъеуэу, вым яужь къитыжщ.

Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, уафэр къызэщIэуфIыцIэу щыхуежьэм, шынэхъыжьыр плъэри, зы шу блэкIыу къилъэгъуащ:

– Ей, щIалэ, кхъыIэ, а уздэкIуэмкIэ си къуэш курытым ухуэзэнущи, моуэ нэхъ хуищIэу къеуэну схужеIэ, дымыпIащIэмэ, уэлбанэм дыхэхуэнщ.

– Хъунщ, – жери шур и шым елъэдэкъэуащ. Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, сытми шэджагъуэхуегъэзэкI хъуауэ къуэш курытым деж нэсри нэхъыжьым и лъэIур жриIэжащ.





– Гугъуехьыншэ ухъуи, кхъыIэ-тIэ, ардыдэр ди шынэхъыщIэм тхужеIэж, укIуэурэ ухуэзэнущи.

– Хъунщ, – нэхъри и шым елъэдэкъэуащ шур. КIуэм-лъэм, кIуэм-лъэурэ, дыгъэ къухьэгъуэ хъуауэ ар нэсащ вым кIэлъеуэ шынэхъыщIэм деж. НэхъыжьитIым я лъэIур хуиIуэтэжри блэкIащ.





«Мис иджы пшапэр зэхоуэ»,– щыжаIэм ирихьэлIэу выщхьэм щыт шынэхъыжьыр псы Iуфэм Iухьащ. ПсыхуэлIэм ихь мо вы ешам зригъэзыхщ, зэ Iубыгъуэу хыр ирихъупыкIри, и щхьэр къиIэтыжыну хунэмыс щIыкIэ, уащхъуэдамыщхъуэу уафэ фIыцIагъэр и дамэпкъыу, зы бгъэжь къеухщ, выр и лъэбжьанэм фIэлъу ипхъуатэри,– макIуэ-мэлъей. И иIэти и зэгуэпхъуи зы ищIащ. Абы и къарум апхуэдизкIэ уафэр зэрихьэрт, щIылъэр зэридзэрти, жьапщэшхуэм мэзи хъупIи иудыныщIэрт.

Абдежым, бжэн хъушэм япэрытт КъуиижьцIыкIуи, мо къыкъуэуа борэным игъащтэщ, гужьейри, ажэжьым и жьакIэм зыщIиудыгъуащ.



Абы ирихьэлIэу, вы блатхьэр[5] лъэбжьанэкIэ ихьу бгъэжьыр лъатэри, къыр дзакIэ гуэрым тетIысхьащ. ЩтапIэ ис КъуиижьцIыкIу зы зэман зэ жьакIэ жьауэр зэгуихыу, дэплъейуэ, а къыр дзакIэр ажэжьым и бжьакъуэрауэ къыщилъагъум, уэ абы къидыхьэшхам ущIэмыупщIэ! «УитI, Iеижь, шу! – жэуэ щыхуилъым, бгъэжьыр къащтэщ, вы блатхьэ някъуэтхьыр къыIэпыхури, уэгум ихьэжащ. КъыIэпыхуар Iуэхут-тIэ! Iуэхур блатхьэ къехуэхыр а дэплъейуэ щыт бжэныхъуэжь цIыкIу жьэущIым и нэм зэрыщIэхуаращ. Къуиижь цIыкIу куэдрэ щIэIуэтыхьаи и нэм, бжэныхъуэ башымкIэ щIэтIыхьаи, арщхьэкIэ, дэнэт! Игъуэтакъым.

Абы ирихьэлIэу, щакIуэ къикIыж пщым и шу гъусэхэр щIыгъуу къэблэгъати, бжэныхъуэжь цIыкIур ахэм елъэIуащ и нэм щIэхуа блатхьэр къыхущIахыжыну. Я хьэхэр ящIыгъуу шу гупым бжэныхъуэм и нэр къызэхакIухьа щхьэкIэ, дэнэт! Ягъуэтыжакъым.



Сыт ищIэнт КъуиижьцIыкIу, и бжэн хъушэр зэщIиугъуаещ, къуажэм къихужри, и анэм хуэтхьэусыхащ:

Мы си нэм зыгуэр щIэхуащи, схущIэплъэ.

Анэм махуитI гъуэмылэ къыздищтэщ аби, КъуийцIыкIу и нэм щIыхьащ. АрщхьэкIэ, куэдри къэтакъым, вы блатхьэр иIыгъыу къыщIэкIыжри... ситу ищIынт?

Псыхъуэм дидзащ.



ЗэманыфI дэкIащ абы лъандэрэ.

– Илъэс дапщи?

– У-оу, Iэджэ-Iэджэ. Уэгъушхуэ[б] къэхъущ аби, къуажэри иIэпхъукIат. Уэгъум иужькIэ псыдзэшхуэ къехщ аби, зэгуэр псыхъуэм дадза блатхьэр ирихьэхыжат. Дзажэ блатхьэм щIы трищIэжри, абы къуажэ тетIысхьэжат, къуажэбгъури мэз дахэу зэщIэкIэжат.







НтІэ, а мэз жьэгъум щІэс жылэм щІыр щыхъейуэ къиублащ зэгуэр. Зэрыхъейри дауэт? Жэщ къэскІэ шынагъуэу къуажэщІыр зыгуэрым зэридзэрт. Жэщ плъыр зэблэкІ къыщаублэм, абы къащІаращ: Жэщ зэрыхъуу мэз гъунэгъум къыщІокІыр аби зы бажэжь цІыкІу, къуажэбгъу блэгъум егъун щІедзэ. Ар егъуухукІэ щІыр щІеупскІэ, зэредзэ, къуажэр еутхыпщІ.

Ар къуажэдэсхэм къыпхуадэнт? Зэхуэсщ, бажэжь цІыкІур къаукІри и фэр траудыну яужь ихьащ. АрщхьэкІэ дэнэт! И зы джабэм фІэкІа яхутехакъым. ЯхузэгъэдзэкІакъым. Ауэ щыхъум, джабэ лъэныкъуэм къытрахар зэхуагуэшыжри зэбгрыкІыжащ.Абы къуажэм лІыуэ дэсым джэдыгу зырызрэ пыІэ зырызрэ къахухэкІауэ жаІэ.

Абы хэту, а жэщ дыдэм а къуажэм зы щIалэ цIыкIу къыщалъху. Арщхьэкlэ, ягуэшам хэкIыжат, пыIапхъэ къудеи къылъысатэкъым а лIы цIыкIум. Къуэрылъхур зей фызыжьым ар къыпхуидэнт?! И цыкIуэкIыр´ къищтэри пщIантIэм дэкIащ.



ИпщэкIэ дэплъейщ, ищхъэрэкIэ еплъыхыжри яхуэзэмыгъэдзэкIа бажэр здэщылъымкIэ иунэтIащ. Бгъэдыхьэщ, зэпиплъыхьщ, цыкIуэкIыщхьэр фIигъанэри бажэр иублэрэкIащ. Фэр трилъэфу унэм къыздихьа щхьэкIэ, дэнэт! ЩIалэ цIыкIур зей лъэпкъым апхуэдэ бажэурэ иджыри бгъу къэщэкIуу, а бгъуми я фэхэр гуамылъхьэжауэ, щIалэ цIыкIум и пыIэпхъэр ирикъужакъым.



– НтIэ-э-э, къафщIэт фэ иджы, – ауаныщIу дадэ яхоплъэ сабийхэм, – ахэм хэт нэхъ иныр?

Мис абдежым... гъуаплъащIэ щийм ирагъэщIа лэгъупым псывэ къикъуэлъыкIам хуэдэу, сабийхэр къызэщIэващ, хэт нэхъ инми зэхагъэкIыу.

## ФЭРИ ФЕГУПСЫСЫТ: ХЭТ НЭХЪ ИНЫР АХЭМ? КЪЭЗЫЩIЭМ – САУГЪЭТ ИРИТЫНУЩ НУРЫМ.

### ПСЭЛЪАЛЪЭ

[1] Лэгъуп (шыуа́н) – каза́н.

[2] Гъуаплъа́щIэ – гъуаплъэм (медь) елэжь цIыху (ме́дник).

[3] ГъумыщIэ (гъум) – толстый.

[4] Выуэ́ч (чы) – хворостина.

[5] Вы бла́тхьэ – бычья лопатка (кость с мясом).

[6] Уэгъушхуэ (уэгъу) – большая засуха.

[7] ЦыкIуэ́кI (цы зэрадж Iэмэпсымэ) – веретено́.

Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей

Издается
С 1 января 1982 года
№ 8 2016 г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям.
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
Б. АБРОКОВА

Редколлегия:
Х. КАРМОКОВ
А. КАРМОВА
Е. ТХАМОКОВА
Х. ТИМИЖЕВ
И. ХАТУЕВ

Художественный редактор
М. ХАЛИЛОВА

Набор и верстка
И. РАСТОРГУЕВОЙ

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
03.08. 2016 г.
Выход в свет 29.08. 2016 г.

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial Cyr, Minion Pro
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2150 экз.
Заказ № 473
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 12,47 руб.;
за 6 мес. – 74,82 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5
ГКУ «КЦО СМИ КБР»
Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33